

RINGKESAN

Nengsri Wahyuni. 2017. Morfologi Tutuwuhan Ki Urat (*Plantago Major L*) Nurutkeun Beda Na Luhur Tempat Ti Permukaan Laut. Diawasan ku Drs. H. Yusuf Ibrahim, M.Pd., M.P. jeung Drs. Suhara, M.Pd.

Tutuwuhan ki urat (*Plantago major L*) mangrupikeun tutuwuhan anu bisa hirup di rupa-rupa tempat anu beda kaluhurana, bisa hirup dimana wae jeung variasi morfologina loba pisan. Variasi eta disebabkeun ku aya na pangbeda dina tempat jadi na. Prak na penelitian ieu dilaksanakeun di tempat anu beda-beda kaluhurana na, nyaeta di Pantai sindangkerta anu luhurna (17 mdpl), Tasikmalaya luhurna (407 mdpl), di Bandung luhurna (703 mdpl), di Gunung Tangkuban Perahu luhurna (1826 mdpl). Maksud tina dilaksanakeun na penelitian ieu nyaeta pikeun nganyahokeun rubah na morfologi tutuwuhan (*Plantago major L*) di tempat anu beda-beda kaluhurana. Metode anu dilakukeun dina penelitian ieu nyaeta metode deskriptif ngagunakeun desain penelitian *purposive sampling*, teknik pikeun milih sampel na nyaeta *hand sorting* anu dilakukeun di tempat anu beda-beda kaluhurana. Parameter nu diukur nyaeta panjang tangkai daun (*petiolus*), panjang daun, lebar daun jeung kandel na daun. Hasil tina penelitian nembongkeun rata-rata tutuwuhan *Plantago major L* nyaeta panjang tangkai daun (*petiolus*), panjang daun, lebar daun jeung kandel na daun anu hirup di Gunung Tangkuban Perahu dina kaluhuran (1826 mdpl) nunjukeun rata-rata anu leuwih gede tibatan tutuwuhan anu hirup dina tilu tempat sejen anu beda-beda luhurna. Hasil analisis statistik oge nunjukeun ayana pangbeda antara *Plantago major L* anu hirup di Tasikmalaya dina kaluhuran (407 mdpl) jeung *Plantago major L* anu hirup di Bandung dina kaluhuran (703 mdpl) nu ngabogaan morfologi hampir sarua jeung *Plantago major L* di Gunung Tangkuban Perahu dina kaluhuran (1826 mdpl) anu nunjukeun variasi individu pang loba na dibanding *Plantago major L* tinu tilu tempat sejen.

Konci: Morfologi, Tutuwuhan ki urat (*Plantago major L*), Kaluhuran